



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/2/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA AP ASIRE BENEFIS KONTINYÈL POU
VOLONTÈ YO AVÈK MALADI KI GEN RAPÒ AVÈK 9/11**

***Mekanis la fikse pou kouvri depans medikal ak pèt salè pou moun yo ki mete yo
volontè pou sovtaj, rekiperasyon ak netwayaj nan sit World Trade Center yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke bidjè eta 2016-17 gen ladan \$9 milyon pou kouvri depans pou pèt salè ak swen sante pou volontè yo ki te pran maladi nan sit World Trade Center nan ane apre 11 Septanm 2001. Sa asire ke volontè yo ap kontinye resevwa benefis ak sipò finansye menm lè finansman federal ke yo te bay eta pou rezon sa te fin epwize.

“Gason ak fi brav sa yo te mete yo volontè san abnegasyon pou ede vwazen yo pandan jou difisil yo epi montre mond lan sa li vle di pou w yon Nouyòkè,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Yo pa merite anyen mwens pase sipò konplè nou e nou angaje pou asire ke yo gen aksè a resous yo ke yo bezwen.”

Anpil volontè te devlope kondisyon sante ki gen rapò avèk pousyè toksik ak debri ke yo te jwenn nan World Trade Center. Byenke travayè ki touche yo kouvri pa asirans konpansasyon travayè patron yo, volontè yo pat gen sekirite sa jiskaske Kongrè a te bay \$25 milyon pou benefis sa yo nan 2002, sa ki te ogmante a \$50 milyon nan 2005.

Fon Volontè World Trade Center, ki jere benefis sa yo e li jere pa Komisyon Konpansasyon Travayè eta, te epwize lajan federal sa mwa pase. Peman yo te fèt apati fon Board’s Uninsured Employers, yon mekanis ki finanse pa penalite ki soti nan vyolasyon tankou non-konfòmite a amann yo.

Nouvo mekanis sa ap vle di peman benefis pou benefisyè Fon Volontè World Trade Center a ap kontinye san entèripsyon.

Fon Volontè World Trade Center te bay benefis pou apeprè 1,900 moun jiska dat. Ale delavan, pou moun sila yo ki te deja anrejistre avèk Komisyon an, benefis yo ap disponib pou swen medikal ki nesèsè oswa benefis pou pèt revni paske yo te pèfòmè sovtaj, rekiperasyon oswa netwayaj nan sit World Trade Center apati 11 Septanm 2001, pou rive jiska 12 Septanm 2002. Sa a gen ladan travay nan Ground Zero, Dechaj Fresh Kills, sou bato yo, pilye ak nan mòg yo.

Anplis, Gouvènè Cuomo te ankouraje fòtman tout sekouris 9/11 yo pou konsidere itilize

pwogram Sante World Trade Center ke Enstiti pou Sekirite ak Sante Okipasyonèl jere pou alafwa tretman ak kontwòl sante yo. Pwogram sa, ke nou konnen egalman tankou Lwa Zadroga, te finanse pa twò lontan de sa pa Gouvènman Federal la pou 75 ane. Espesyalis yo nan domèn lan ap konsilte sekouris yo nan klinik, gratis. Anplis de trete maladi, klinik yo ap kòmanse kontwole sante sekouris yo. Sèvis yo disponib nan anpil Sant Klinik Ekselans nan Vil New York, Long Island ak New Jersey, ansanm avèk yon rezo founisè nan tout eta. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.cdc.gov/wtc.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418